



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN KONTWÒL POU MALADI LIM AK MALADI TIK TRANSMÈT YO

*Plan an Agrandi Metòd Kontwòl Tik yo nan Tèren Piblik yo epi li gen ladan Agrandi Edikasyon ak Kanpay Sansibilizasyon ki Sible Chasè ak Randonè ke Tik Gen Tandans Plis Mòde yo*

*Gouvènè a Bay Depatman Sante a Lòd pou yo Pouswiv Patenarya ak Antite Rechèch yo pou yo Devlope Tès Dyagnostik ki Pi Efikas*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse yon plan kontwòl agresif pou maladi Lim ak maladi tik transmèt yo pou kontwole popilasyon tik la yo sou tèren piblik yo, ogmante sansibilizasyon popilasyon an ak bay aksè a done ki disponib yo, epi kreye yon gwoup travay pou patisipe nan yon somè sou maladi Lim pandan eta sa a. Pou reyalize plan sa a, Gouvènè a te bay Depatman Sante a (Department of Health, DOH), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) pou yo kolabore pou yo ka sible konte ak tèren priyorite yo ki gen risk ki pi elve pou moun ekspoze a tik yo ak a maladi Lim lan. Sezon tik la te kòmanse nan plizyè zòn nan eta a deja epi li pral kontinye jiska mwa novanm lan.

“Maladi Lim lan ak lòt maladi tik transmèt yo se yon menas enpòtan pou sante ak byenèt Nouyòkè yo, epi nou ap pran mezi agresif pou nou ede mete fen a pwopagasyon maladi sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk plan kontwòl sa a, New York ap pran yon angajman enpòtan anvè rechèch, sansibilizasyon, ak prevansyon nan kad kriz sante piblik sa a pou pwoteje Nouyòkè yo epi evite maladi prevantab sa yo.”

### Metòd Kontwòl Tik yo

Metòd kontwòl tik yo pral gen ladan aplikasyon estratejik tretman kontwòl tik sou tèren pak yo nan rejyon Hudson Valley a, Rejyon Kapital la, ak Rejyon Southern Tier la kote popilasyon an gen yon risk pi elve pou yo ekspoze a tik ak a maladi Lim lan. Anplis de sa a, eta a pral agrandi itilizasyon 4-Poster “tiktid” pou tretman sèf yo nan estasyon alimantasyon yo k ap ede kontwole tik sèf Vijini yo pwopaje yo. Pandan sèf yo ap manje nan estasyon an, bwòs a woulo yo trete ak ensektisid pral bwose kou, tèt, ak zòrèy bèt yo ki se kote anpil tik adilt gen tandans bwè san yo. Estasyon yo te deja itilize kèk zòn nan Long Island avèk siksè, ki gen ladan Pak Eta Robert Moses la, ak Pak Eta Connetquot River la.

Akoz wonjè yo te lajman responsab pou enfekte tik yo ak maladi Lim lan tou, eta a pral agrandi pwodwi komèsyal pou konbat wonjè k ap pwopaje maladi sa a yo. Sa gen ladan deplwaman tib ki ranpli ak boul koton yo trete ak pèmitrin ke sourit yo itilize pou fè nich yo, k ap touye tik yo depi nan estad lavè lè yo kole sou sourit yo. Eta a pral agrandi tou izaj Sistèm Kontwòl Tik la (Tick Control System), ki se yon ti bwat k ap atire wonjè yo. Lè yon bèt antre nan bwat la, li resewa yon dòz fèb fipwonil, ki se engredyen aktif nan plizyè tretman yo itilize pou elimine tik sou chyen ak chat yo. Eta a pral mennen tou antretyen woutin nan zòn vejetasyon nan pak sa yo pou minimize ekspozisyon vizitè yo a tik yo.

## **Agrandi Edikasyon ak Sansibilizasyon**

Kòmmanse imedyatman an, ajans k ap patisipe yo pral devlope yon kanpay ki konsantre sou deplwaman enfòmasyon sou maladi tik transmèt yo ak prevansyon kont yo, espesifikman k ap sible gwoup ki a risk elve yo tankou chasè yo ak randonè yo. DEC pral agrandi sitwèb li a pou l gen ladan yon paj ki dedye a maladi tik transmèt yo ki gen enfòmasyon pètinan pou pechè pwason a liy yo, trapè yo, randonè yo, ak sila ki jwi lwazi anplennè nan New York yo. Paj la pral lye tou ak sitwèb DOH la.

Anplis de sa a, DEC pral kowòdone ak 1,600 ajan k ap emèt lisans espòtif atravè eta a yo pou distribiye enfòmasyon ak materyèl sou tik yo ak maladi tik transmèt yo, epi yo pral itilize lis adrès ak bilten enfòmasyon elektwonik ajans lan yo pou kenbe anpil milye pasyone anplennè yo enfòme. OPRHP pral distribiye tou enfòmasyon ak materyèl bay chasè yo atravè pwogram pèmi lachas yo epi y ap mete enfòmasyon disponib pou vizitè yo, epi yo pral kontinye afiche pano avètisman an metal pou tik yo sou tèren piblik ak pak eta a yo.

## **Agrandi Aksè a Done yo**

DOH pral afiche koleksyon tik ak rezilta tèst aktyèl ak retwoaktif yo sou [Health Data NY](#), k ap mete done yo disponib pou piblik. Avan sa, yo te sèlman pataje enfòmasyon sa a avèk depatman sante lokal yo ak jesyonè pak eta a yo pou ede yo nan kanpay edikasyon ak prevansyon yo. Etandone enterè konsiderab pwofesyonèl swen sante, chèchè, ak defansè yo gen nan enfòmasyon sa a, Depatman an pral mete enfòmasyon sa a pi fasilman aksesib ogran piblik.

## **Rechèch ak Evalyasyon**

Maladi tik transmèt yo, patikilyèman maladi Lim lan, fè pati maladi enfektyez ki gen kwasans pi rapid nan Etazini. Toutfwa, li ka patikilyèman difisil pou dyagnostike maladi Lim lan. Pasyan ki gen maladi Lim lan yo ka prezante yon bann seri sentòm posib, ki ka diminye tank tan ap pase, epi yo ka fasilman konfonn yo ak anpil santèn lòt maladi. Gouvènè a te bay Depatman Sante a lòd pou yo pouswiv patenarya rechèch prive pou yo devlope yon pi bon tèst dyagnostik, ki finalman antrene tretman ki pi efikas yo.

## **Gwoup Travay la ak Somè a**

Gouvènè Cuomo te bay Depatman Sante a lòd pou yo tabli yon nouvo gwoup travay sou maladi Lim lan ak lòt maladi tik transmèt yo ki gen ladan reprezantan ki soti nan òganizasyon pwofesyonèl yo, enstitisyon akademik yo, ak depatman Sante lokal yo.

Gwoup travay la pral rejwenn ajans eta k ap patisipe yo nan yon somè k ap dire yon jounen, ki pral fèt pandan ete sa a, pou yo revize inisyativ aktyèl Eta New York la ap fè yo epi fè rekòmandasyon sou mezi Eta New York la ka pran nan pwochen somè a pou fè vanse pi meyè pratik prevansyon, dyagnostik, ak lòt meyè pratik ankò yo.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare,** “Nouvo inisyativ sa a yo konpleman te efò rechèch ki gen renonme ak aksyon agresiv Depatman an ap pran pou yo pi byen enfòm ak mye pwoteje Nouyòk yo kont maladi tik transmèt yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou angajman l pran ak paske l mete sou pye nouvel mezi kontwòl sa yo pou ede limite pwopagasyon maladi sa yo ak pwoteje sante piblik”.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a, Basil Seggos, te deklare,** “Avèk plis moun k ap rekreye yo nan resous natirèl san parèy nou yo, mezi jodi a yo se yon lòt egzant ankò ki montre angajman Gouvènè pran pou asire tout moun ka jwi bèl espas anplennè yo san danje nan Eta New York la. Soti nan chasè yo rive nan randonè yo, tout moun ka pote kole fason pa yo pou yo ka aji nan fason entelijan fas a tik yo, epi nou ankouraje rezidan yo ak vizitè yo pou yo swiv rekòmandasyon sekirite tik enpòtan nou yo avan yo soti deyò ane sa a”.

**Komisè Park Eta yo, Rose Harvey te di,** “Pou ogmante opòtinite pou yon eksperyans agreyab san danje, nou ap ankouraje tout vizitè yo pou yo prete atansyon espesyal a kantite fason yo ka pwoteje tèt yo pandan yo nan espas anplennè yo. DepMèsi Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan Depatman Sante a ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la paske yo adopte mezi enpòtan sa yo”.

### **Ti Konsèy Prevansyon kont Tik yo**

Pandan w ap fè randone, travay, oswa pase tan nan zòn bwaze yo:

- Mete pantalon long ak mayo ki gen manch long pou w pwoteje tèt ou kont tik ak lòt ensèk ki konn mòde yo
- Verifye pou tik chak de a twa zèdtan pandan ou deyò epi bwose nenpòt tik ou jwenn anvan yo tache
- Fè yon kontwòl konplè plizyè fwa pandan jounen an ak nan fen jounen an pou asire ke pa gen tik ki kole sou ou.
- Konsidere itilize repilsif ki gen poud detete (DEET), picaridin, oswa IR3535 ladan yo epi swiv enstriksyon yo

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou maladi Lim lan ak lòt maladi tik transmèt yo, vizite: <https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/lyme/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)